

19 mas

Men, Konnen nan dènye jou yo, tan terib pral vini. Paske lèzòm ap renmen tèt yo,... y ap brital. Yo p ap renmen sa ki byen. Y ap trèt... Y ap gen ògèy.

2 Timote 3. 1-4

Moun ki jis, kite yo fè sa ki jis toujou... Gade ! M ap vini talè konsa, avèk rekonpans mwenn nan men mwenn. Revelasyon 22. 11, 12

Siy ki bay apèsi : eskandal yo

Yon jounalis, anpil moun konnen fè remake valè moral tankou travay, kouraj, onètete ak solidarite ap degrenngole. Li pè pou lavi nan sosyete pandan li wè jan tout sa ki endispansab pou fè l posib epi sipòtab ak degrenngole. Byensi, li enkyete tou pou multiplikasyon bridsoukou “eskandal yo”. Li wè sa tankou yon siy yon malopye k ap ravaje tout kò sosyal la. Espò, politik, ekonomi, laprès, tout sektè yo touche pa zafè koripsyon, “lajan sal”, tout kalite fwod.

Moun ap poze kesyon sou ki kote konsekans dekadans sa a soti. Pawòl Bondye ba nou repons lan : “Paske move lide, asasinay, adiltè, imoralite, vòl, fo temwayaj, denigre moun, se nan kè moun yo soti” (Matye 15. 19) ; epi “Moun ki fè peche, se nan djab la yo soti” (1 Jan 3. 8). Bib la menm di sitiwayon sa va agrave jiskaske li vin prèske ensipòtab. Lè sa a lemonn pral akeyi ak soulajman nonm fò ki di li pral mete tout bagay annòd, grasa yon opresyon ki pa janm genyen avan. Men avan sa, Senyè a va deja vini chèche legliz la.

Lè prensip moral yo fin pèdi konsa, èske se pa yon siy ki bay apèsi peryòd terib dezòd ak jijman ki va kòmanse pou limanite ? Fòk nou konnen tou, tout mal sa ap jèmen nan pwòp kè nou. Ann konfese l devan Bondye. Ann akseptè pèsònèlman gras li ki vle sove nou e ba nou yon lavi tou nèf, grasa sakrifis Kris la, ki te mouri epi resisite.

19 mars

Dans les derniers jours il surviendra des temps difficiles : les hommes seront égoïstes,... cruels, n'aimant pas le bien, traîtres,... enflés d'orgueil. 2 Timothée 3. 1-4

Que celui qui est juste pratique encore la justice... Voici, je viens bientôt, et ma récompense est avec moi.

Apocalypse 22. 11, 12

Signe avant-coureur : les scandales

Un journaliste connu signale la régression générale des valeurs morales telles que le travail, le courage, l'honnêteté et la solidarité. Il craint pour la vie en société en constatant ce déclin de tout ce qui est indispensable pour la rendre possible et supportable. Bien sûr, il s'inquiète aussi de la soudaine multiplication des "scandales". Il y voit un signe de cette gangrène qui gagne tout le corps social. Sport, politique, économie, médias, tous les secteurs sont touchés par la corruption, "l'argent sale", les fraudes diverses.

On s'interroge sur l'origine et les conséquences de cette décadence. La Parole de Dieu nous donne la réponse : "C'est du cœur que viennent mauvaises pensées, meurtres, adultères, fornications, vols, faux témoignages, injures" (Matthieu 15. 19); et "Celui qui pratique le péché est du diable" (1 Jean 3. 8). La Bible précise même que la situation s'aggravera jusqu'à devenir quasiment insupportable. Le monde accueillera alors avec soulagement l'homme fort qui se proposera de remettre de l'ordre, au prix d'une oppression sans précédent. Mais auparavant le Seigneur sera déjà venu chercher son Église.

La perte des repères moraux n'est-elle pas le signe avant-coureur de cette terrible période de désordres et de jugements qui va commencer pour l'humanité ? Reconnaissons aussi que tout ce mal est en germe dans notre propre cœur. Confessons-le à notre Dieu. Acceptons personnellement sa grâce qui veut nous délivrer et nous donner une vie nouvelle, sur la base du sacrifice de Christ, mort et resuscité.